

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang

Kahirupan manusa moal leupas tina aktivitas ngagunakeun basa. Basa miboga harti nu lega, nyaéta salaku alat komunikasi. Komunikasi mangrupa prosés silih tukeurna inpormasi antar individu ngaliwatan sistem simbol, tanda, atawa laku lampah nu umum (Chaer & Agustina, 2010, kc. 17). Aya tilu komponén dina prosés komunikasi nu ngawengku panyatur, inpormasi nu rék ditepikeun, jeung pakakas nu dipakéna. Pakakas nu dipaké nalika komunikasi nyaéta basa. Luyu jeung nu tepikeun ku Chaer & Agustina (2010, kc. 14) yén basa mangrupa pakakas pikeun interaksi atawa komunikasi. Hartina, basa dipaké dina ngébréhkeun pikiran, gagasan, konsep, atawa rasa.

Komunikasi bisa lumangsung antara hiji panyatur jeung sababaraha pamiarsa, salasihijina nalika panyatur nyarita di hareupeun balaréa. Sangkan pamiarsa maham kana maksud tina omongan, diperlukeun ayana gawé bareng. Nalika pamiarsa teu maham kana maksud panyatur, bisa ngabalukarkeun pasalia dina komunikasi. Kurang maham kana élmu pragmatik mangrupa salasihiji jawaban tina pananya “Naon nu ngabalukarkeun pamiarsa teu maham atawa teu ngalakukeun hal luyu jeung nu dimaksud ku urang salaku panyatur?”. Upamana waé conto kasus ieu di handap.

Panyatur : “Duh, asa hareudang, nya!” (panyatur boga maksud nitah ngahurungkeun kipas angin ka pamiarsa)
Pamiarsa : “Muhun, di luar gé panas pisan.”

Tina conto pagunéman singget di luhur, ébréh yén pamiarsa teu maham kana maksud nu nyamuni tina ungkara panyatur. Panyatur miboga maksud nitah sangkan ngahurungkeun kipas angin. Nalika urang salaku pamaké basa maham yén ayana kamungkinan ma’na nu nyamuni tina ungkara, tangtu maksud nu dipiharep ku panyatur bisa kacumponan.

Pasualana, di lingkungan atikan loba mahasiswa jeung guru basa miboga kamandang yén pangajaran basa ngan saukur pangajaran nu patali jeung kandaga kecap, kalimah, jeung tata basa. Ari pragmatik jeung analisis wacana kawilang

Risa Nurul Fauziah, 2018

IMPLIKATUR DINA WACANA NGABODOR NYORANGAN INEWS TV BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BIANBARA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kurang penting. Dina prak-prakanana, sakabéh basa di dunya miboga unsur pragmatik di sagédénggeun unsur linguistik umumna. Éta hal mangrupa konsep atawa pasualan anu kudu diungkulan. Maham kana ayana unsur pragmatik boh dina wangun lisan atawa tulisan mangrupa tarékah sangkan prosés komunikasi bisa lumangsung kalayan lancar (Ihsan, 2011, kc. xiv).

Pasualan di luhur mangrupa kasang tukang dina ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan pragmatik. Salasahiji ulikan tina pragmatik nyaéta implikatur. Implikatur diperlukeun dina pedaran pragmatik, luyu jeung nu ditepikeun ku Levinson (1983, kc. 97) yén implikatur mangrupa salasahiji gagasan atawa pamikiran penting dina pragmatik (“*one of the single most important ideas in pragmatics*”). Implikatur méré ébréhan éksplisit ngeunaan ma’na nu diimplikasikeun tina ungkara. Implikatur mangrupa kajian ngeunaan ma’na nu nyamuni. Hiji omongan bisa ngaimplikasikeun proposisi anu lain bagian tina éta omongan. Proposisi anu diimplikasikeun disebut implikatur (Sudaryat, 2016, kc. 74).

Dipakéna basa lain saukur dina widang formal di sakola atawa pamaréntahan, tapi dina kahirupan sapopoé masarakat ogé geus tangtu maké basa. Dina prakna ngagunakeun basa, réa panyatur anu maké basa dibarengan ku humor. Ahli psikoanalisis, Sigmund Freud (dina Sudaryat, 2016, kc. 61) nétélakeun yén banyol (lulucon) mangrupa sarana pikeun ngungkulan panyangreud anu datangna di luar atawa tumbuh dina dirina. Dina humor atawa banyol bisa waé nyelapkeun panuduh, panghina, atawa kedaling naon waé nu sipatna teu langsung. Aya sababaraha wangun humor nu mekar di masarakat. Upamana waé, humor dina wangun tulisan atawa gambar, jeung humor dina wangun lisan. Salasahiji conto humor dina wangun lisan nyaéta *stand up comedy*.

Stand up comedy anu dina basa Sunda disebut Ngabodor Nyorangan (Borangan), mangrupa banyol ku hiji jalma di hareupeun balaréa ku cara monolog. Kaayeunakeun *stand up comedy* éksis di internét jeung TV (Papana, 2012, kc. 4). Sebutan panyatur dina *stand up comedy* nyaéta *comic*. Téma nu dibahas biasana mangrupa fénoména di sabudeureun masarakat. Acara *stand up comedy* beuki mekar di Indonesia. Wangun acara *stand up comedy* aya rupa-rupa, upamana waé wangun péntas di Metro TV jeung dina wangun kompetisi *Stand Up*

Comedy Academy (SUCA) di Indosiar atawa *Stand Up Comedy* Indonesia (SUCI) di Kompas TV. TV lokal Bandung nyaéta iNewsTV Bandung nyieun ogé acara *stand up comedy* nu disebut Ngabodor Nyorangan (Borangan). Ideu nu nyieun acara Borangan nyaéta Taufik Faturohman. Taufik Faturohman mangrupa budayawan, pasulap, jeung panulis. Acara Ngabodor Nyorangan geus tangtu maké basa Sunda salaku basa panganteurna, béda jeung acara SUCI atawa SUCA nu maké basa Indonesia.

Panyatur atawa *comic* dina acara Borangan geus kawilang loba, diantarana waé, Mr.Jun, Riswa, Adang Béndo, Oyik, Adang Béndo, Ceu Popon, Taufik Faturohman, Ma Nur, jrrd.

Masyarakat Sunda beuki kairut ku acara Ngabodor Nyorangan, kabuktian ku ayana *channnel youtube* husus nu dijerna aya vidio-vidio Borangan tina sababaraha *comic*. Ngaran *channel* nu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta ‘Borangan Inewstv’. *Followers* akun *youtubena* kawilang loba, nepi ka bulan Maret 2018 aya 4426 akun.

Dipilihna acara Ngabodor Nyorangan lantaran hiji-hijina acara *stand up comedy* dina basa Sunda anu midang di TV sarta éksis dina *youtube*. Tina wacana Ngabodor Nyorangan dianalisis implikurna nu disawang tina wanda, sipat jeung wujudna minangka bagian tina ulikan pragmatik. Ku kituna bakal kapanggih ma’na-ma’na nyamuni tina omongan *comic*

Mémang panalungtikan nu patali jeung analisis pragmatik geus kungsi dilaksanakeun, diantarana waé, “Fungsi jeung Wanda Kalimah Ébréhan dina Novél Rajapati di Pananjung Karangan Ahmad Bakri” (Erwita Novia Purwanti, 2013) nu ngadéskripikeun kalimah ébréhan dina novél Rajapati di Pananjung disawang tina fungsi jeung wanda pragmatisna, “Fungsi Pragmatis Téks Laku Basa Sunda dina Rohang Status Facebook” (Dadang Nurjaman, 2011) nu nganalisis patali jeung kontéks, warna, wanda, jeung fungsi basa, sarta ma’na métaforis téks laku basa dina rohang status Facebook, “Analisis Fungsi Tindak Tuter dina Naskah Drama Meredong Karya Rosyid E. Abby” (Mardian Chandra Ramadhan, 2013) nu museur kana analisis fungsi pola ucap diantarana asértif, diréktif, komisif, éksprésif, jeung déklaratif, sarta wanda pola ucapna nu ngawengku lokusi, ilokusi, jeung perlokusi dina naskah drama Meredong, sarta

“Transfer Pragmatik pada Respon terhadap Pujian oleh Pembelajar Bahasa Jepang” (Rosi Rosiah, 2013) nu nganalisis réalisasi omongan nu diajar basa Jepang, réalisasi omongan panyatur basa Jepang, pangaruh tiori kasopanan dina realisasi omongan sarta transfer pragmatik nu aya dina réalisasi omongan.

Sasaruan ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta ngulik perkara pragmatik, tapi bédana téh dina ieu panalungtikan mah dipedar perkara implikatur nu disawang tina wanda, sipat, sarta wujudna. Nepi ka kiwari, can aya nu kungsi nalungtik perkara implikatur dina wacana Ngabodor Nyorangan. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Implikatur dina Wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung pikeun Bahan Pangajaran Biantara di SMA (Ulikan pragmatik)” perlu dilaksanakeun.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, ieu di handap dijelaskeun watesan jeung rumusan masalah panalungtikan.

1.2.1 Watésan Masalah

Ulikan ngeunaan pragmatik téh kaitung lega, nu ngawengku deiksis, praanggapan atawa praduga, adegan konversasi, implikatur, jeung pola ucap. Dina ieu panalungtikan husus dipedar salasihiji komponén pragmatik nyaéta implikatur nu aya dina wacana Ngabodor Nyorangan.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watésan masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu dihandap.

- 1) Kumaha wanda implikatur dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung?
- 2) Kumaha sipat implikatur dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung?
- 3) Kumaha wujud implikatur dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung?

- 4) Kumaha implikasi hasil panalungtikan implikatur dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung lamun dijadikeun alternatif bahan pangajaran biantara di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku dua aspék nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh jeung medar implikatur nu aya dina wacana Ngabodor Nyorangan sarta implikasina kana pangajaran biantara di SMA.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta:

- 1) Wanda implikatur dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung;
- 2) Sipat implikatur dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung;
- 3) Wujud implikatur dina wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung; jeung
- 4) Implikasi hasil panalungtikan ngeunaan wacana Ngabodor Nyorangan iNews TV Bandung nu ngandung implikatur lamun dijadikeun alternatif bahan pangajaran biantara di SMA.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan kabagi jadi mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Manfaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaat pikeun kaélmaan basa hususna basa Sunda. Dina paélmaan basa ieu panalungtikan bisa ngajembaran kamekaran tiori pragmatik, utamana nu aya patalina jeung tiori implikatur.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan mangrupa salasahiji tarékah ngamumulé basa Sunda. Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep bisa méré mangpaat pikeun masarakat, guru jeung murid, sarta panalungtik.

- 1) Pikeun masarakat, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran ngeunaan pragmatik omongan, sangkan bisa maham kana eusi atawa maksud nu nyamuni dina omongan.
- 2) Pikeun guru jeung murid, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun alteratif bahan pangajaran biantara di sakola.
- 3) Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré tatapakan kana panalungtik saterusna.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu tésis disusun jadi lima bab. Bab I mangrupa bubuka nu ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga panulisan.

Bab II mangrupa ulikan pustaka, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tioritis panalungtik, jeung raraga mikir. Ulukan pustaka dina ieu tésis ngawengku tiori-tiori ngeunaan pragmatik, implikatur, Ngabodor Nyorangan minangka humor jeung bahan pangajaran biantara.

Bab III mangrupa métodeu panalungtikan anu ngawengku désain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV mangrupa hasil panalungtikan anu medar déskripsi jeung analisis data ngeunaan implikatur nu aya dina wacana Ngabodor Nyorangan sarta implikasi hasil panalungtikan kana bahan pangajaran biantara di SMA.

Bab V mangrupa panutup anu ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi panalungtikan, jeung rékoméndasi.